

Deklarasyon sou Enpak Ekite : Peman pou Aprantisaj Pwolonje nan Lekòl Charter yo Andedan Distri a

Tit la : Mete Lekòl Horace Mann yo nan Peman Tan Aprantisaj Pwolonje

Dat la : 15 fevriye, 2022

Èske nou te itilize [Zouti pou Planifikasyon Ekite Rasyal la](#) ? Wi Non

Si repons la se wi, mete dat (divès dat) reyinyon REPT yo ak lyen an pou REPT ki fin konplete a isit : _____

Èske yon manm Divizyon Ekite, Strateji, ak Redikasyon Mankman nan Opòtinite a te revize deklarasyon sa a ? Wi Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS la	Rezime/Rezònman																																																												
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta pwopozisyon an/efò a dezire jwenn, pami yo eliminasyon disparite (dekalaj) ? Kilès ki t ap dirije travay sa a/planifikasyon sa a, e èske yo reflekte idantite elèv ak fanmi Lekòl Piblik Boston yo (kèk gwoup kle enkli moun ki nwa, latinx,azyatik, ameriken endijèn/endyen, imigran, moun militeng (ki pale plizyè lang), epi ki genyen kèk eksperyans Edikasyon Spesyal) ?</i></p>	<p>Twa lekòl charter Horace Mann yo andedan distri a k ap sèvi klas preskolè (PK) jiska klas 8yèm ane (lekòl UP Boston, lekòl UP Dorchester, ak lekòl Dudley Street Neighborhood Charter School) ap mande pou yo fè pati echèl peman Orè A a (« Schedule A »), si toutfw pwofesè yo travay omwen menm kantite lè pwofesè Orè A yo travay. Echèl peman Orè A a dekri nan paj 100 kontra Sendika Pwofesè Boston an (BTU).</p> <p>Anplis de sa, lekòl Boston Green Academy, yon lekòl klas 6yèm jiska 12yèm ane, ap mande pou konpansasyon manm sendika BTU yo ogmante, dekwa pou lè anplis yo travay depase jounen travay nòmal yo kapab konpanse, konfòm a Atik III, Seksyon E (paragraf 1 ak 2 sèlman) nan akò negosyasyon kolektif la. "...Lè anplis, rive jiska 46 èdtan pandan chak ane, p ap konpanse. Depatman skolè a ap peye konpansasyon pou lè travay anplis apati 46 èdtan jiska 145 èdtan. Konpansasyon pou lè anplis ki depase 145 èdtan ap responsabilite lekòl pilòt patikilye sila yo."</p>																																																												
<p>2. Amoni ak Plan Stratejik la <i>Se kòman pwopozisyon an/efò a aliyen avèk plan stratejiki distri a ?</i></p>	<p>Li aliyen avèk angajman suivan yo nan Plan Stratejik la :</p> <ul style="list-style-type: none"> 5.1 : Anboche, soutni, e prezève manm pèsònèl divèsifye, e abòde obstak ki anpeche prezèvasyon manm pèsònèl koulè. 5.4 : BPS se yon plas kote edikatè ak manm pèsònèl vle travay <p>Kat lekòl ki mansyone yo sèvi yon wo kantite jèn moun Nwa e Latinx, e y ap fè fas ak yon ogmantasyon nan kantite pwofesè k ap pede kite, e sa enpakte eksperyans edikatif elèv yo.</p>																																																												
<p>3. Analiz Done yo <i>Ki done ki te analize ? Èske l te dezagrege (separe) selon ras ak selon lòt gwoup kle ? Ki sa l te montre konsènan disparite yo ?</i></p>	<p>Manm pèsònèl sila yo ki enpakte, idantifye tèt yo selon ras, nan fason suivan yo :</p> <table border="1" style="width: 100%; border-collapse: collapse; text-align: center;"> <thead> <tr> <th>School</th> <th>Asian</th> <th>Black</th> <th>Decline</th> <th>Latinx</th> <th>White</th> </tr> </thead> <tbody> <tr> <td>Dudley St. Neighborhood School</td> <td>3.45%</td> <td>34.48%</td> <td>0.00%</td> <td>6.90%</td> <td>55.17%</td> </tr> <tr> <td>Boston Green Academy</td> <td>2.00%</td> <td>20.00%</td> <td>6.00%</td> <td>16.00%</td> <td>56.00%</td> </tr> <tr> <td>UP Academy Boston</td> <td>2.22%</td> <td>22.22%</td> <td>4.44%</td> <td>6.67%</td> <td>64.44%</td> </tr> <tr> <td>UP Academy Dorchester</td> <td>1.47%</td> <td>22.06%</td> <td>1.47%</td> <td>5.88%</td> <td>69.12%</td> </tr> </tbody> </table> <p>Done demografik elèv yo pou kat lekòl yo se :</p> <table border="1" style="width: 100%; border-collapse: collapse; text-align: center;"> <thead> <tr> <th>School</th> <th>Asian</th> <th>Black</th> <th>Latinx</th> <th>Other</th> <th>White</th> </tr> </thead> <tbody> <tr> <td>Boston Green Academy</td> <td>2%</td> <td>44%</td> <td>44%</td> <td>3%</td> <td>7%</td> </tr> <tr> <td>Dudley Street Neighborhood School</td> <td>--</td> <td>60%</td> <td>34%</td> <td>4%</td> <td>2%</td> </tr> <tr> <td>UP Academy Boston</td> <td>5%</td> <td>45%</td> <td>46%</td> <td>2%</td> <td>3%</td> </tr> <tr> <td>UP Academy Dorchester</td> <td>1%</td> <td>53%</td> <td>43%</td> <td>2%</td> <td>--</td> </tr> </tbody> </table> <p>Byenke nivo done lekòl yo varye, an jeneral, demografik manm pèsònèl yo konparab a done distri a an gwo ; epitou pami elèv nou sèvi yo, genyen yon</p>	School	Asian	Black	Decline	Latinx	White	Dudley St. Neighborhood School	3.45%	34.48%	0.00%	6.90%	55.17%	Boston Green Academy	2.00%	20.00%	6.00%	16.00%	56.00%	UP Academy Boston	2.22%	22.22%	4.44%	6.67%	64.44%	UP Academy Dorchester	1.47%	22.06%	1.47%	5.88%	69.12%	School	Asian	Black	Latinx	Other	White	Boston Green Academy	2%	44%	44%	3%	7%	Dudley Street Neighborhood School	--	60%	34%	4%	2%	UP Academy Boston	5%	45%	46%	2%	3%	UP Academy Dorchester	1%	53%	43%	2%	--
School	Asian	Black	Decline	Latinx	White																																																								
Dudley St. Neighborhood School	3.45%	34.48%	0.00%	6.90%	55.17%																																																								
Boston Green Academy	2.00%	20.00%	6.00%	16.00%	56.00%																																																								
UP Academy Boston	2.22%	22.22%	4.44%	6.67%	64.44%																																																								
UP Academy Dorchester	1.47%	22.06%	1.47%	5.88%	69.12%																																																								
School	Asian	Black	Latinx	Other	White																																																								
Boston Green Academy	2%	44%	44%	3%	7%																																																								
Dudley Street Neighborhood School	--	60%	34%	4%	2%																																																								
UP Academy Boston	5%	45%	46%	2%	3%																																																								
UP Academy Dorchester	1%	53%	43%	2%	--																																																								

	wo kantite ki idantifye tèt yo kòm Nwa oswa Latinx.
4. Angajman Pati Entereze yo <i>Kilès ki te angaje (kantite, gwoup kle yo, ak wòl yo) ak kòman, e kisa sa te pwodui ? Ki sa elèv/fanmi ki sibi plis enpak pwopozisyon sa a/efò sa a te di ?</i>	Manm pèsònèl nan toule kat lekòl yo te angaje, ansanm ak tout lidèchip lekòl patiklye sila yo ak konsèy administratif patiklye yo. Yo tout te bay sipò yo pou plan an. Yo kwè ke sa va ede avèk pwoblèm prezèvasyon pwofesè yo e pèmèt elèv yo genyen yon eksperyans skolè ki ta pi konstan.
5. Strateji Ekite Rasyal <i>Se kòman pwopozisyon sa a/efò sa a rezoud disparite yo (dekalaj yo) epi ogmante ekite rasyal ak lòt tip ekite ? Ki konsekans inatandi (enprevi) ki posib ? Ki strateji konplèmantè k ap avanse ekite a pou l rive pi lwen ?</i>	Lekòl n ap diskite yo, yo tout sèvi yon kantite jèn Nwa e Latinx ki dispwopòsyone. Chanjman sa a ta pèmèt yo ofri yon salè konparab a manm pèsònèl sila yo ki nan lòt lekòl Lekòl Piblik Boston (BPS), ki anvizaje redui woulman pwofesè yo e amelyore eksperyans elèv yo.
6 Bidjè ak Enplemantasyon <i>Ki enpak ki genyen parapò a bidjè a ? Se kòman enplemantasyon an ap asire ke n ap atenn tout objektif yo, patiklyèman objektif sila yo ki anrapò ak ekite ? Ki idantite gwoup sila yo ki fè pati ekip enplemantasyon an, e èske y ap pote yon pwennvi ekite avèk yo ?</i>	Kòb pwopozisyon sa a ap koute antou chak ane se anviwon 800,000\$, sa ap depann de enfòmasyon final yo parapò a anboch manm pèsònèl anseyan yo pou ane skolè 2022-2023 a.
7. Kontrandi ak Kominikasyon <i>Se kòman n ap evalye e dokimante enpak yo, epi kominike yo bay pati entereze yo ? Kilès k ap responsab ?</i>	Chak lekòl ap egzamine done atrisyon yo (done sou konbyen moun yo pèdi) pou konfime yon rediksyon nan woulman (nan pèt) pami manm pèsònèl anseyan yo e konfime yon pi gran stabilizasyon nan mendèv la. Konsèy Administrasyon lekòl yo va egzamine done sa yo chak ane.